Recueilli par : Fatou DIOP
Dit par : Amy Camara, Dakar

# BANDIKOTO

- Léebòon !
- Lippòon !
- Amoon na fi !
- Daana am !

Léeb wi, ab liir la woon buy soga juddu. Bi mu juddòo ba am waxtu rekk, mu daldi ni baay bi :

- Baay, man de duma xaar ba bés bi ñu may ngénte ñu door maa wutal tur ; dama bëgg ngeen wutal ma tur, te leegi sax laa ko bëgg, te it tur wu ngeen ma jox baax na.

Baay bi it daldi jaaxle lool.

Mu daldi ko tontu, ni ko :

- Ci dëgg-dëgg, man de mënuma laa jox u tur te ngéntéeguñu la. Sa bésu ngént lay xaar, ma jox la tur.

Naka noonu, liir bi itam ni mu ngay seeti ndey ja. Mu daldi dem ci yaay ji ni ko :

" Yaay, man de dama bëgg nga wutal ma tur balaa sama bésu ngénte jot. Duma toog ba bésu ngénté jot. Duma toog ba bés bas ngeen di ma soog wutal tur ; leegi laa ko bëgg".

Yaay ji itam won ko ni jaaxle na lool, won ko it ni mënu koo wutal tur te bésu ngéntéem jotul. Naka noonu liir ba itam ni bërét ni mu ngay dem ci maam ju gòor ji. Nakk mu dem ni ko :

- Maam !

Maam ja wuyu ko.

Mu ni ko :

- Maam, man dé dama am soxla su rëya-rëy, moo di ni tur laa bëgg, te mënuma xaar suma bésu ngént ñòw ñu door may tudd ; bëgg naa balaa booba ma am aw tur.

Maam ji jaaxle ni :

- Moo waay ! Moo yow gône gi doom, bi àdduna soosoo ak leegi, ana fu ñu mosa gisé liir bu tooy xipp, di soog juddu ni nañu ko wutal tyr ! te li ma jaaxal sax mooy ana noo def ba mën ni bërét jôg fee ñöw fii, ak ana ku la jàngal wax ?

Gône gi daldi ko tontu ni :

- ndegam nii la, dem naa ci ku ne mu bañ ni duñu ma jox tur, leegi nag dinaa sàkk pexe ; dinaa wutal sama bopp tur, maay tudd sama bopp ; leegi daal bëgg naa ginnaaw si tey jii, na ma ñépp di woowe Bandikoto, noonu laa tudd bés ni tey.

Ñépp ni waaw, nekk ci jaaxle woowu.

Gone gi ni tonnet ni bërit ni :"waaw ndegam noonu la sax, maa ngi doxantu ba ci pénc mi." Booba fekk na am na ñaari mag yu gôor, fekk nag ñu demoon tool, liggéeya liggéeya-liggéey ba sonn, daldi ñibbisi. Ba ñu ñibbisée nag, ñu daldi leen yëgal li xewoon ci kër gi, yëgal leen itam ni gone gi dem na ni mu ngay dowantuji ba ci pénc ma.

Nakk noonu rekk ñaari mag yu gôor yi ni ñu ngay seeti gone gi, Bandikoto. Booba fekk na Bandikoto yeg na ci doxantu ba. Dem na lu yàgg sax te ñowagul. Ñée dem ni ñu ngay seeti gone ga. Mag yi, ba ñu doxee ba sonn gisuñu Bandikoto, ñu daldi jàpp ci Yàlla ñibbisi. Ba ñu ñibbisée nag ba mu xawa yàgg, gone ga daldi dellusi. Ba mu dellusée mu làqu ci ron lal ga. Booba fekk na ñaari mag yi, ñu ngi doon waaja seeti seeni coro. Seen coro yi nag fa ñu dëkk dafa xaw sori dëkku ñoom Bandikoto. Nakk mu dëgg loolu magam yi wax, mu daldi leen jiitu. Ndekete soppaliku na benn caqu xaalis. Caq baa ngi la koy melaxal melal goo xam ni kenn mënu laa wax ni mu mel; melaxa melax ba boo ko tegoon ci àll ba gën lëndëm sax mu daldi leer. Mag yi di dox rekk, fekk guddi na lool, lëndëm këruus. Bi ñu doxee ba tollook xaaju fa ñu jëm, ñu ni nañu noppalu ndax dox bi dafa yàgg.

Nakk noonu rekk, ki ci gën mag daldi gis lëf li, muy caq bi. Mu daldi beg ci saasi, beg na waaye jaaxle na. Nakk mu gis ni xaalis la, mu daldi ko gàddu, dugal ci jiba ji, ni mu nga koy mayi coro li.

Ñuy dox, di dox, di dox, di doxati, yàggul rekk ñu degg benn baat bu sew di wax ak ñoom di digg guddi googu, naan leen :"- Waaw yeen, sama mag yi, ndax mën naa leen gungé ? Ndax mën naa ànd ak yeen ? Man mii la, man Bandikoto, man maa soppaliku caqu xaalis bi, man la dé du keneen !"

dax ko ndax mu dellu kër ga ;

Mag yi ~~bi ñu demee ba xawa jege fi ñu doon jëm, ñu daldi ni : "- moo waay !"~~; ñu daldi wuti ko, mu soppaliku pënd ; ñu naan déeta waay, mu soppaliku mbote mu ñu takk ci benn bànt bu xawa soree ak fi mag yi nekk. ~~Mag yi bi ñu demee ba xawa jege fi ñu doon jëm, ñu daldi gis mbote ma ; ñu ni : "- Lii dé mbote la ! nañu ko gàddu yóbbu." Ñu yóbbu ko.~~

Nakk noonu rekk ñu déggati baat bi ; bii yoon baat bi dafa mel ni lu ñu dëgëral, mu naan leen : "- Waaw yeen, sama mag yi, su ma leen gungéwoon nag, lu ngeen ci xam ? Fi mu ne nii, yeen a ngi dem ci dëkk boo xam ni ay nit ñu bonn donn a fa nekk, ay dëmm kese la, moo tax ma di leen ñaan ngeen bàyyi ma, ma ànd ak yeen, ndax du ñàkk ma mën leen dimmali." Mag yi seet seet bëgg bañ, ba ci yàgg, ñu nangu, ànd ak Bandikoto.

Ñu yegg fa ñu doon dem, ci seeni kër coro yi. Ba ñuy àgg fekk guddi na, lëndëm këruus. Ndekete kër ga ñu doon dem, yaayi xale yi dëmm la.. Ba ñu àggee, nuyóo, ñu fey leen, yóbbu leen ci biir néeg bi, ñu toog. Néeg ba ñu leen dalal nag néegu jànq ya la ; nees tuuti rekk, ndaw sa, dëmm bu jigéen bi, daldi woo ñaari doomam yi ba ci néeg bi, jox leen benn pot bu fees dell ak meew; ndekete meew mi poson la ci def. Booba nag fekk na Bandikoto woo na ñaari magam yi ni leen : "-Na ngeen moytu meew mi ñu leen di joxsi, am na lu ñu ci def."

Ba mu leen waxe lollu ba noppi, mu daldi dem soppaliku aw doj, sampu ci buntu néeg bi. Jànq ya nag ñu ngi yàkkamtee indi meew mi.. Ba ñu ñówee ba ci bunt ba rekk, ñu daldi fakkastalu, dal ci xeer wi, meew mi daldi këppu. Bandikoto soppalikuwaat nit, daldi ñów, toog ci weti mag yi; mel ni dara mosul xew. Nakk noonu, dëmm bu jigéen bi woo doom yi, ni leen : "- Waaw yeen, du leen niti dara, la ma fexewoon yépp yàq ngeen ko ndax seen ñàkk fayda ak full! Leegi nag, li fi desoon muy seen ndékki moom ngeen leen di jox".

Bandikoto ni mag yi : "- Leegi nag am na buy ñów, mën ngeen koo naan, dara nekku ci."

Ba jànq ya indée meew ma, xale yu gòor yi daldi naan. Ba ñu toogee lu tollook benn waxtu, ñu daldi gëmméentu, ni ñu ngay tëddi. Bandikoto moom tëddul té. Bi ñépp nelawee, Bandikoto moom mu toog ; ndaw si am na lu muy fexe ; mu dem ci ginnaaw, jël paakam. Nakk noonu, Bandikoto daldi jóg dem ci moom ni ko : "- Waqw, jigéen ji looy def fii ba waxtu wii? ñépp ngi nelaw, yow yaa ngi jël sa paaka di nàmm, sa rëbb wi dina neex lool!"

Ndaw si daal, xelam yépp daldi jeex ; mu ni Bandikoto : "- Moo gone gii, doo tëddam ? Lu tax nelawagoo ba leegi ? wax ma boog loo bëgg ma jox la ko te nga dem tëddi." Mu daldi ko tontu ni ko : "- Wëttéen laa bëgg nga ji ko leegi, mu sax leegi, nga defar ko leegi, daldi ci ràbb sér jox ma ko ma sangoo."

Nakk noonu, jigéen ji daldi ji ci taxawaay bi, mu sax, mu defar ko, daldi ràbb ab sér, jox ko Bandikoto. Balaa moo sangoo sér bi, ndekkete summi na ñaari mag yu gòor yi, jël seen yëré yi, weccee ko ak yëré ñaari jànq yi, daldi tëdd ; nees tuuti rekk, jigéen ji dugg ci néeg bi ak paakam bu ñaw, bëgg rendi xale yu gòor yi, yëré yi tax mu jaawale leen, daldi rendi ñaari doomam yu jigéen yi.

Ba ñu tëddé nag ba njël, Bandikoto daldi yee ñaari magam yi, ñu daldi dow dem . Ba bët setee, ndaw si daldi ñów, gis ñaari doomam yi mu rendi. Xol bi fuddu, mu jóg ni mu ngay toppi ñoom Bandikoto ; muy dem, di dem ba àgg dëkku ñoom Bandikoto. Ba mu ègge mu daldi soppaliku benn jigéen ju màggata-màggat. Nakk noonu Bandikoto wax na dëkk ba yépp, ni leen : "- Gis ngeen jigéen ju màggat jii ci dëkk bi, bu kè kenn sarax ; ku ko sarax dinga ko gis." Fekk am na ñu dëggar bopp ñu ko sarax ; ñooñu daldi tàqalikoo ak seeni bët. Ca ëllëg sa ci suba Bandikoto ni : "- man déy ñi fi tàqalikoo ak seeni bët, mën naa def ba ñu jotaat ci, waaye nag li may laaj mooy lii : gétti xar."

Nakk noonu, mu soppaliku benn xaleelu gòor su ndaw ba nga xam ni jigéen ji daf ko jaawale ak sëtam ; ba mu eggee mu daldi dem ci wetu taal bi, jonkan fa, di ko xambal matt mi; booba fekk na jigéen ji taal ba bay waaj togg bët yi. Ba ndox may tàmbalee bax, mu daldi yootu

këll bi defoon bët yi ; bi mu demee ba koy sotti, Bandikoto daldi ko fél, mu këppu, cin la këppu ; xef ak xippi, fekk na Bandikoto àgg na ba jox ku nekk ay bëtam. Jigéen ji nag gënati mer, ni : "-Man daal gone gii war naa jòg ciy mbiram".

Mu daldi jò toppaat Bandikoto, di ko topp, di ko topp ba ci dëkk bi, daldi soppaliku benn garab bu dee ba wow konn. Jigéeni dëkk bi yépp ñòw di dañu koy gor def ko matt, togge ko. Bandikoto daldi noppi di leen seetaan. Nakk noonu jigéen ji daldi ñibbi ; ba mu demee nag kepp koo xam ni daggoon nga ci gaarab ga, lu mu tuuti tuuti, lafañ ga. Nit ñi nekkati ci jaaxle googu, jaaxle lool. Bandikoto daldi jòg ni leen : "- Bii yoon seen aajo mën na faju, waaye li may laaj mooy géttu xar, ak bu nag ak bu bey". Ñu daldi ko ko jox, mu demati.

Ba mu demee nag mu fekk buntu ndaw sa ubbéeku, ndekke dafa taxani matt ; noonu Bandikoto jël këllam ba, daldi dow. Bi jigéen ji dellusée, gis loolu, mu xam ni Bandikoto la, mu toppati ko, muy dow rekk. Ba mu demee ba koy waaj jege Bandikoto dugal loxoom ci jibaam, génné benn nen, sànni ko ci ginnaawam. Ba mu ko sànnee nen ba sòppaliku géej gu rëya-rëy. Jigéen ji daldi dugg ci géej gi, nekk ci ba génn, tàmbaleeti dow ni mu ngay topp Bandikoto. Bi mu demee ba nga xam ni xawna ko jegeeti Bandikoto dugal loxoom ci jiba ji, génnéwaat ab nen, sànni ci ginnaawam. Nen bi daldi sòppaliku benn àll bu lëndëm këriis, garab yi jaxasoo ba nga xam ni balaa nga ciy génn,... jigéen ji nekk ci di dagg, di dagg ba jeexal ; mu tàmbaleeti di dow, di dow ba xawa jegeeti Bandikoto; gone gi daldi dugalati loxoom ci jibam, génnéwaat ab nen, sànni ci ginnaawam. Nen ba sòppaliku doj wu rëya rëy ci guddaay, rëy ci yaatuwaay; ba jigéen ji egsee daldi dal ci doj wi, bopp ba toj, mu daldi daanu dee.

Bandikoto moom daldi àgg ci dëkk ba, ku nekk mu jox la la deñoon ci yoy.

Foofu la léeb doxe tàbbi géej ; ku ko jëkk foon tàbbi Àjjana.